

APLIKASYON POU YON EGZANPSYON NAN KONDISYON POU AKSESIBILITE

Kòd Konstwiksyon Vil New York 2014

Si yon egzaminatè plan rejte plan konstwiksyon ou akòz yon pwoblèm aksesibilite, gen de (2) bagay ou kapab fè: revize plan ou yo poutèt sa, oswa jwenn yon egzansyon nan Depatman Konstwiksyon (Department of Buildings, "DOB") Vil New York. Si ou chwazi pou jwenn yon egzansyon, lè sa a ou dwe chita pale avèk nou, Biwo Majistra pou Moun Andikape (Mayor's Office for People with Disabilities, "MOPD"). Lè sa a n ap bay yon rekòmandasyon pou DOB.

NÒT ENPÒTAN

- Ou dwe depoze yon aplikasyon nan DOB, epitou ou dwe jwenn yon nimewo Djòb / Aplikasyon anvan nou kapab apwouve nenpòt Egzanpsyon Aksesibilite.
- Yon pwofesyonèl diplome, tankou yon achitèk diplome (registered architect, RA) oswa yon enjenyè pwofesyonèl (professional engineer, PE) dwe siyen tout dokiman, fòm ak desen ki nesèsè.



K: KI DOKIMAN KI OBLIGATWA POU DEMANN EGZANPSYON NAN AKSESIBILITE NAN MOPD?

- Fòm Demann Egzanpsyon nan Aksesibilite PEO-1 (<http://on.nyc.gov/peo1>).
- Lèt akonpayman moun ki aplike a prepare (nou konsidere RA oswa PE ou kòm moun ki aplike a). Gade seksyon lèt akonpayman ki anba la a.
- Tout desen ou depoze nan DOB.
- Si nou bay objeksyon, yon kopi fèy objeksyon DOB.
- Si demann egzansyon an konsène travay deyò, bay plan teren ki montre liy pwopriyete a, lakou devan ak dèyè, ak arebò twotwa ki gen bon jan dimansyon ak anotasyon.
- Aplikasyon ak apwobasyon Komisyon Konsèvasyon Pwen Repè (www.nyc.gov/landmarks) (si li nesèsè).
- Foto, apantaj, desen, elatriye, pou kore demann ou.
- Si ou aplike pou yon egzansyon akòz difikilte ekonomik, prezante tout enfòmasyon ki endike anba la yo:
 - Kalite biznis lan;
 - Èske konpayi an nouvo, ap grandi oswa ap demenaje;
 - Kantite anplwaye;
 - Estimasyon depans pou travay planifye achitèk la, antreprenè a oswa yon estimatè pwofesyonèl prepare;
 - Depans estime pou atik achitèk la, antreprenè a, yon estimatè pwofesyonèl, oswa yon founisè prepare egzansyon an; epi
 - Revizyon finansye yon Kontab Piblik Sètifye prepare, ki endike yon kontablite tout dèt ak pasif konplè moun ki aplike a. Dokiman ou prezante yo ta dwe gen enfòmasyon, tankou: fòm deklarasyon taks (taks sou revni ak taks sou pwopriyete), kont labank ki la deja, aksyon, obligasyon, byen imobilye, ak lòt pwopriyete, tout sous revni, tout envantè, salè anplwaye, prè, ipotèk, epi kont pou peye ak kont pou touche.

Nòt: Se sèlman yon (1) kopi tout dokiman obligatwa yo ki nesèsè.



K: KI ENFÒMASYON KI NESESÈ NAN LÈT AKONPAYMAN AN?

- Yon eksplikasyon alekri ki detaye rezon ki fè ou pa kapab konfòme ou avèk kòd konstwiksyon an akòz youn nan kritè sa yo:
 - kreye yon gwo difikilte ekonomik; oswa
 - pa reyalize objektif ki prevwa li a; oswa
 - enposib sou plan fizik oswa legal; oswa
 - pa nesèsè dapre altènativ ki asire reyalizasyon objektif li prevwa yo oswa ki, san yon pèt nan nivo sekirite, reyalize objektif li prevwa a yon fason pi rantab, efikas oswa ekonomik; oswa
 - lakòz yon chanjman ki tèlman lejè sa pwodui yon benefis anplis ki piti anpil annakò avèk objektif Kòd la.
 - Yon deskripsyon detaye travay konstwiksyon ki planifye a.
- Defini nenpòt chanjman ki nan itilizasyon, okipasyon oswa soti.
- Yon lis tout dokiman ki endike nan demann ou.



K: KISA OBJEKTIF MOPD YE?

- Ou dwe voye soumisyon egzansyon an pa lapòs ba: The Mayor's Office for People with Disabilities, 100 Gold Street, 2nd Floor; NY, NY 10038 (nou pa aksepte soumisyon nan imèl, soumisyon ou pase depoze, ni soumisyon nan faks).
- Lè nou resevwa egzansyon an, anjeneral nou revize demann lan nan 5 – 10 jou ouvrab (jou ouvrab yo pa gen jou wikenn oswa jou ferye ladan).
- N ap revize demann lan epi n ap fè yon rekòmandasyon ba DOB (pou yo swa aksepte oswa refize demann ou), oswa nou ka mande pou moun ki aplike a bay lòt enfòmasyon.
- Lè nou fè rekòmandasyon nou ba DOB.
 - N ap mete so nan PEO-1 ak desen enpòtan yo.
 - N ap imèl yon kopi fòm PEO-1 retounen ba moun ki aplike a ak kopi DOB enpòtan an ba Manm Komisyon Minisipalite DOB.
 - N ap imèl PEO-1 orijinal la retounen ba moun ki aplike a.
- Se responsablite ou pou fè swivi avèk DOB nan pwen sa a.



K: SI YO REJTE APLIKASYON MWEN, ÈSKE GEN YON PWOSESIS KONTESTASYON NAN MOPD?

- Repons senp pou sa se non. Me, ou kapab re-soumèt aplikasyon ou ansanm avèk lòt enfòmasyon pou kore demann ou. Yon re-soumisyon dwe gen ladan tout dokiman obligatwa ki detaye anwo a epitou kèk nan dokiman yo se:
 - Yon kopi fòm PEO-1 avèk kòmantè nou yo.
 - Yon nouvo fòm PEO-1 ki siyen ak sele avèk re-soumisyon an.
 - Yon lèt akonpayman, ki detaye rezon pou re-soumisyon an.



K: SI YO AKÒDE YON EGZANPSYON, ÈSKE MWEN TOUJOU GEN OBLIGASYON POU KONFÒME MWEN AVÈK LWA ANFAVÈ AMERIKEN ANDIKAPE (AMERICANS WITH DISABILITIES ACT, ADA) AK Lòt LWA FEDERAL, LETA AK LOKAL?

- Wi. Tout lòt lwa ki anvigè yo egzante. Si ou bezwen èd teknik avèk ADA, ou kapab kontakte Komisyon Aksè Etazini (United States Access Board) nan nimewo (800) 504-0301 pou jwenn lòt konsèy.